

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION
SCIENCE-GRADE 8
INTERMEDIATE-LEVEL
WRITTEN TEST

NIVO ENTÈMEDYÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

PRENTAN 2007

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Egzamen sa a ap evalye konesans ou an syans. Egzamen sa a gen de pati. Toulède pati sa yo nan ti liv sa a.

Pati I a gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Pati II a gen 34 kesyon san chwa. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas yo bay pou sa nan ti liv la.

Ou kab itilize yon kalkilatri pou w reponn kesyon egzamen an si ou vle.

W ap gen dezèdtan pou w reponn kesyon ki nan egzamen an.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Pati I

ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1 jiska 4. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a.

Li egzanzp ki la a:

Egzanzp

Latè resevwa pifò pati nan limyè l nan

- (1) etwal yo
- (2) Solèy la
- (3) Lalin nan
- (4) lòt planèt yo

Repons ki kòrèk la se **Solèy la**, ki se repons nimewo **2**. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanzp lan. Kòm se chwa nimewo 2 a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanzp lan, se ti sèk ki gen nimewo **2** a ki nwasi.

Reponn tout kesyon nan Pati I menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w ta vle chanje repons ou a, efase premye ti sèk ou te nwasi a byen efase, epi nwasi ti sèk ou vle kòm repons lan.

Ou p ap bezwen fèy bouyon. Ou kab sèvi ak paj ti liv sa a kòm bouyon.

Ou kab sèvi ak yon kalkilatri, si w ta bezwen youn.

Lè yo di w kòmanse, vire paj la epi kòmanse ak kesyon nimewo 1. Fè anpil atansyon epi reponn tout kesyon ki nan Pati I.

Lè w fini Pati I, al nan Pati II toudwat. Reponn tout kesyon ki nan Pati II.

Part I

1 Yo montre twa kalite selil moun anba a



(li pa desine sou yon echèl)

Ki pwosesis ki fèt nan toulètwa kalite selil sa yo?

- (1) metamòfoz
- (2) lokomosyon
- (3) repwodiksyon
- (4) fotosentèz


2 Ki sekans ki byen montre nivo òganizasyon strikti ak fonksyon nan yon moun?

- (1) selil → tisi → ògàn → sistèm òganik
- (2) sistèm òganik → selil → tisi → ògàn
- (3) tisi → ògàn → sistèm òganik → selil
- (4) selil → ògàn → tisi → sistèm òganik

3 Plim, zèl, ak zo zwazo yo ki genyen kavite se ekzanp

- (1) adaptasyon pou vole
- (2) repons pou stimilis
- (3) pati kò ki pa nesèsè
- (4) strikti pou repwodiksyon

4 Dyagram anba a montre de òganis diferan, yon chen ak yon chat.



Chen

Chat

Ki fraz ki pi byen dekri klasifikasyon de òganis sa yo?

- (1) menm wayom, menm espès
- (2) menm wayom, espès diferan
- (3) wayom diferan, espès diferan
- (4) wayom diferan, menm espès

5 Piti ki pa fèt nan aktivite seksyèl jenetikman

- (1) idantik ak paran yo
- (2) diferan de paran yo
- (3) diferan youn ak lòt
- (4) fòmè gras a de paran

6 Konpare ak kantite enfòmasyon ereditè ki genyen nan selil kò yon moun, ki kantite enfòmasyon ereditè yon selil seksyèl moun genyen?

- (1) Yon ka kantite a
- (2) yon mwaye kantite a
- (3) menm kantite
- (4) de fwa kantite a

7 Ki gwoup òganis ki montre yon chanjman trè pi remakab nan yon peryòd tan pi kout?

- (1) bakteri
- (2) zwazo
- (3) pwason
- (4) reptil

8 Yon plant pwodwi ti plant arebò fèy li. Lè ti plant sa yo tonbe atè, yo pran rasin epi vin fòmè nouvo plant. Pwosesis sa yo se ekzanp

- (1) repwodiksyon seksyèl
- (2) repwodiksyon aseksyèl
- (3) evolisyon
- (4) ekstenksyon (disparèt)


9 Ki tèm ki dekri abilte yon òganis genyen pou li kenbe yon anviwonman entèn ki stab?

- (1) repwodiksyon
- (2) ekstenksyon
- (3) lokomosyon
- (4) règleman

10 Yon ekip rechèch te vle pwodwi yon pi piti varyete chen bèje Alman. Yo kwaze pi piti chen ki soti nan diferan kaj yo pandan plizyè jenerasyon. Sa a se yon ekzanp ki konsèp?

- (1) ekstenksyon
- (2) mitasyon
- (3) elvaj selektif
- (4) seleksyon natirèl

11 Dyagram anba a montre enfòmasyon sou repwodiksyon ak devlopman yon lapen.



(li pa desine sou yon echèl)

Ki lèt nan dyagram lan ki reprezante fètilizasyon?

- (1) A
- (2) B
- (3) C
- (4) D

12 Nan tisi po bèt, divizyon selil yo responsab pou


- (1) kwasans ak reparasyon
- (2) repwodiksyon seksyèl
- (3) kenbe enèji
- (4) pwodiksyon selil sèks

13 Ki deklarasyon ki dekri yon metòd repwodiksyon seksyèl ki fèt nan plant?

- (1) Yo koupe tij mete nan dlo epi yo pouse rasin.
- (2) Flè plant lan pwodwi grenn.
- (3) Tij yon plant ki anba tè pouse pou yo fè lòt plant.
- (4) Yon fèy tonbe atè, li devlope rasin epi li grandi.

Baze repons ou sou dyagram anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 14 ak 15 yo. Dyagram anba a montre Sik Lavi Mouch Domestik ki pi Komen yo.

Sik Lavi Mouch Domestik ki pi Komen yo



(li pa desine sou yon echèl)


14 Ki pwosesis dyagram sa a montre?

- (1) konkpetisyon
- (2) metabolis
- (3) metamòfoz
- (4) migrasyon

15 Yon sik lavi pi byen dekri tankou

- (1) yon seri chanjman nan devlopman yon òganis
- (2) mouvman yon òganis soti yon kote pou ale nan yon lòt
- (3) abilte yon òganis pou li adapte li a anviwonman li
- (4) enèji atravè kominote yon òganis

16 Dyagram anba a montre yon sèf ak plant vèt.



Ki deklarasyon ki bi byen dekri relasyon ant sèf la ak plant yo?

- (1) Sèf la bay plant vèt yo manje ak oksijèn.
- (2) Sèf la bay plant vèt yo manje ak gaz kabonik.
- (3) Plant vèt yo bay sèf la manje ak gaz kabonik.
- (4) Plant vèt yo bay sèf la manje ak oksijèn.

17 Tablo anba a montre popilasyon sèf nan Arizona pandan yon peryòd 30 lane.

Popilasyon Sèf nan Arizona

Lane	Kantite Mwayèn Sèf nan chak mil Kawo tè
1905	5.7
1915	35.7
1920	142.9
1925	85.7
1935	25.7

Ki rezon ki ta plis lakòz popilasyon sèf lan redwi soti nan lane 1920 pou rive 1935?

- (1) Te genyen mwens polisyon nan lè a.
- (2) Te genyen plis dlo.
- (3) Yo te bay mwens lisans pou fè lachas.
- (4) Te genyen yon ogmantasyon konpetisyon pou manje.

18 Ki inite yo te itilize pou endike kantite enèji nan manje?

- | | |
|-----------|------------|
| (1) ons | (3) Kalori |
| (2) degre | (4) gram |

19 Tout òganis kap viv yo depann de plant paske plant

- (1) pwodwi gaz kabonik
- (2) retire oksijèn nan lè a
- (3) se pwodiktè
- (4) se konsomatè

20 Ki lòd siksesyon kominote natirèl ta plis sanble li pase nan Eta New York?

- (1) zèb → pyebwa → touf bwa
- (2) pyebwa → touf bwa → zèb
- (3) touf bwa → zèb → pyebwa
- (4) zèb → touf bwa → pyebwa

21 Yo ka konpare strikti yo jwenn nan yon selil vivan ak pati yon faktori ki pwodwi machin. Ki pati nan faktori a ki plis sanble ak nwayo yon selil vivan?

- (1) yon senti ki transpòte materyo
- (2) yon veso pou stoke ki genyen pyès yo bezwen pou yo monte yon machin
- (3) sal òdinatè ki kontwole pwosesis montaj la
- (4) delko ki bay enèji pou faktori a


22 Tout wòch genyen

- | | |
|-----------|-------------|
| (1) fosil | (3) metal |
| (2) selil | (4) mineral |

23 Ki objè, lè yo mete li dirèk nan reyon solèy, kap ap sòbe plis enèji limyè vizib?

- (1) yon mòso glas klè
- (2) yon boul nèj
- (3) yon miwa ki klere
- (4) yon chanday nwa

24 Desen anba a montre Lalin nan kap òbite Latè ak Latè kap òbite Solèy la.



(li pa desine sou yon echèl)

Ki fòs ki responsab mouvman òbit sa yo?

- (1) friksyon
- (2) elektrisite
- (3) manyetis
- (4) gravite

25 Yon opsèvatè ki sou Latè kapab wè Lalin nan gras a

- (1) refleksyon limyè Solèy
- (2) limyè absòbe ki soti nan atmosfè Latè
- (3) gaz yo ki nan Lalin
- (4) Eripsyon volkanik nan sifas Lalin

26 Longè yon lane egal a tan li pran pou yon

- (1) wotasyon Latè
- (2) wotasyon Solèy la
- (3) revolisyon Latè otou Solèy la
- (4) revolisyon Solèy la otou Latè

27 Kisa ki yon faktè ki kontribye nan sezon ki genyen nan Eta New York la?

- (1) revolisyon Lalin nan otou Latè
- (2) enklinezon Latè sou aks li
- (3) monte ak desann mare lanmè yo
- (4) distans ant Latè ak Solèy

28 Mouvman yon mas lè sou sifas Latè fè

- (1) aktivite tranbleman tè
- (2) chanjman meteyo lokal
- (3) rechofman global
- (4) siksesyon ekolojik

29 Kilès de pwosesis ki ka bay fòmasyon mòn wo ak somè ki byen won?

- (1) eripsyon volkanik ak rechofman global
- (2) tranbleman tè ak aktivite mare
- (3) kolizyon Plak kwout yo ak ewozyon
- (4) pwodiksyon gaz sè ak meteyo

30 Lè kabòn ak oksijèn fè konbinezon chimik, mas pwodwi a

- (1) pi gwo pase mas kabòn nan plis mas oksijèn nan
- (2) egal ak mas kabòn nan plis mas oksijèn nan
- (3) egal a mas kabòn nan
- (4) pi piti pase mas kabòn nan

31 Pandan ki faz chanjman yon sibstans absòbe enèji chalè?

- (1) likid a gaz
- (2) gaz a solid
- (3) likid a solid
- (4) gaz a likid

32 Yo konsidere retire dlo nan yon rivyè tankou yon resous ki kapab renouvle paske li

- (1) pote oksijèn ki disoud
- (2) degrade sediman byen fasil
- (3) fèt ak gaz natirèl
- (4) lanati kapab resikle li nan tan


Baze repons ou sou enfòmasyon anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 33 a.

Yon boul bezbòl frappe tèt yon machin epi bal yon bòs. Penti ki sou tèt machin nan koumanse dekalè epi soti, metal la koumanse parèt. metal la ki ekspoze wouye, sa ki lakòz yon ti twou fèt nan tèt machin nan.

33 ki evenman ki se yon chanjman chimik?

- (1) Boul bezbòl la ki kalbose tèt machin nan.
- (2) Tèt machin nan ki kòlboso.
- (3) Penti an ki dekalè epi ki soti.
- (4) Metal la ki ekspoze a ki wouye.


34 Dyagram anba a montre yon elèv kap itilize yon balans resò pou li rale yon blòk ki fèt an bwa sou yon ranp yon pil liv kenbe.



Ki chanjman ki ka mande plis fòs pou rale blòk bwa a monte sou ranp lan?

- (1) Fè elèv la sèvi ak de men li.
- (2) Redwi mas blòk bwa a.
- (3) Ranje liv ankò pou mete sa ki pi plat lan anba.
- (4) Kole sable sou sifas ranp lan.

35 Dyagram anba a montre yon ba leman. Pwen A, B, C, ak D yo se pozisyon sou leman an.




Ki pozisyon sou ba leman kap genyen pi gwo atraksyon pou pòl nò yon lòt ba leman?

- (1) A
- (2) B
- (3) C
- (4) D

36 Dlo a 20 degre nan yon chodyè ki pa kouvri evapore dousman. Kisa ki kapab fèt pou fè dlo a evapore pi vit?

- (1) Kouvri li.
- (2) Chofe li.
- (3) Mete li nan fè nwa.
- (4) Mete sèl ladann.


37 Dyagram anba a montre yon Chodyè Bunsen kap chofe yon vaz a bèk pou dlo sou yon sipò. Flèch yo reprezante transfè enèji chalè an dlo.



Ki pwosesis ki premye responsab pou transfè chalè flèch yo montre nan vaz a bèk pou dlo a?

- (1) kondiksyon
- (2) konveksyon
- (3) radyasyon
- (4) kondansasyon

38 Ki objè ki reprezante yon machin senp?




- (1) Batri
- (2) Pens
- (3) Alimèt
- (4) Balèn

39 Lalin genyen pi gwo efè sou Latè

- (1) lane
- (2) sezon
- (3) mare oseyan
- (4) lè jounen

Baze repons ou yo pou kesyon 40 ak 41 sou kat topografik anba a, ki montre elevasyon tè a an pye anwo nivo lanmè. Pwen A, B, ak C yo se pozisyon sou kat la.



40 Yon kanpè mache soti nan pwen A a pou rive nan pwen B a pandan ke li pran chemen yo montre an pwen tiye sou kat la. Ki distans anviwon kanpè mache?

- (1) 1.5 mil
- (2) 2.5 mil
- (3) 3.0 mil
- (4) 3.5 mil

41 Kisa ki ka yon elevasyon posibil pou pwen C a?

- (1) 75 pye
- (2) 85 pye
- (3) 95 pye
- (4) 105 pye

42 Tablo enfòmasyon anba a konpare machin ak ti kamyon sou kantite gaz ak kantite gaz ki boule pa mil yo lage nan anviwonman an.

Tablo Enfòmasyon

Kalite Machin	Kantite gaz ki boule pa mil an mwayèn (mil pa galon)	Kantite Oksid Nitwojèn ki degaje an mwayèn (gram pa mil)	Gaz Kabonik ki degaje an mwayèn (liv pa mil)
Machin yo	27.5	0.4	0.72
Ti Kamyon*	20.7	0.8	0.95

*Ti Kamyon enkli tout machin kat pa kat yo, ti bis, ak pikòp ki kapab pote chay.

Dapre enfòmasyon nan tablo a, ki konklizyon ki ka fèt sou kamyon lejè yo?


- (1) Yo genyen plis kantite galon pa mil pase oto yo.
- (2) Yo vin pi popilè pase machin yo nan dènye lane sa yo.
- (3) Yo pwodwi mwens oksid nitwojèn epi lage mwens gaz kabonik pase oto yo.
- (4) Yo genyen plis move enpak sou anviwonman an pase oto yo.

Baze repons ou sou enfòmasyon ak graf anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 43 ak 44 yo.

Genyen espès bakteri ki ka fè dega. Antibyotik se pwodwi chimik ki touye bakteri. Genyen bakteri ki rezistan fas a antibyotik yo epi pwodwi chimik sa yo paka touye. Avèk letan, bakteri ki rezistan yo kapab repwodwi epi fè popilasyon antibyotik pa kapab afekte.

Graf anba a montre rezilta yon eksperyans kontwole ki mezire popilasyon yon espès bakteri ki te grandi nan kat veso ki nan menm kondisyon. Yo te ajoute kalite antibyotik diferan nan twa nan kat veso ki genyen yo.

Yo ajoute Antibyotik A Yo ajoute Antibyotik B Yo ajoute Antibyotik C Yo pa ajoute okenn antibyotik




43 Ki konklizyon sou espès bakteri sa yo enfòmasyon nan graf la plis sipòte?

- (1) Antibyotik A a ralanti kwasans lan kontinyèlman.
- (2) Antibyotik B a te *mwens* efektif nan kontwòl kwasans lan.
- (3) Antibyotik C a te plis efektif nan kontwòl kwasans lan.
- (4) Antibyotik A a ak B a te ralanti kwasans lan.

44 Kontwòl nan eksperyans sa a reprezante ak veso a ak

- (1) yo ajoute antibyotik A
- (2) yo ajoute antibyotik B
- (3) yo ajoute antibyotik C
- (4) yo pa ajoute okenn antibyotik

45 Kat anba a montre kat gwo zòn lè nan Etazini kontinantal lan.



Si li 9 a. m. nan lè zòn Lès nan, kilè li fè nan zòn Pasifik lan?

- (1) 3 a.m.
- (2) 6 a.m.
- (3) 6 p.m.
- (4) 9 p.m.

Pati II

Eksplikasyon (46-79): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

Baze repons ou sou pasaj anba a ak konesans nan syans pou reponn kesyon 46 ak 47.

Yon elèv mete sik nan yon vè te glase ak yon vè te cho. Li remake tan sik la bezwen pou li fonn nan diferan pou chak vè. Li panse sa genyen rapò ak tanperati te a. Li vle monte yon eksperyans pou li wè si li genyen rezon.

46 Baze repons ou sou obsèvasyon elèv la pou ou ekri yon ipotèz. [1]


47 Idantifye *de* (2) varyab ki ta dwe rete konstan nan yon eksperyans pou teste ipotèz sa a. [2]

(1) _____

(2) _____

48 Graf anba a montre pousantaj senk mineral yo jwenn nan yon echantiyon yon wòch granit inye.

Pousantaj mineral yo jwen nan yon echantiyon Granit



Detèmine pousantaj fèlspat òtoklaz nan echantiyon granit lan. [1]

_____ %


Baze repons ou sou enfòmasyon nan tablo anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 49 ak 50 yo.

Yon machin vwayaje yon distans total 240 kilomèt soti 8:00 a.m. pou rive 11:00 a.m. Enfòmasyon anba a montre distans kote machin nan deplase a demi (1/2) èdtan entèval pandan vwayaj la.

Distans vwayaj kont Tan


Tan	Tan Total (è)	Distans soti nan kote vwayaj la kourmanse (kilomèt)
8:00	0.0	0
8:30	0.5	55
9:00	1.0	90
9:30	1.5	90
10:00	2.0	142
10:30	2.5	200
11:00	3.0	240

49 Sou griy anba a, itilize tablo enfòmasyon pou fè yon graf. Mete yon **X** pou montre distans soti nan kote machin nan te koumanse a pou chak 0.5 è entèval. Relye **X** yo ak yon liy. [2]



50 Bay *yon* eksplikasyon posib pou distans machin nan soti nan pozisyon kote machin nan te koumanse a 9:00 a.m. epi a 9:30 a.m. [1]

51 Dyagram anba a montre yon plant vèt kap fè fotosentèz.



(Li pa desine sou yon echèl)

Idantifye *de* bagay nan dyagram nan plant lan bezwen pou li fè fotosentèz. [1]

(1) _____

(2) _____

Baze repons ou sou enfòmasyon anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 52 ak 53 yo.

Nan yon pye pwa, jèn pou po vèt (G) la dominan sou jèn pou po jòn nan (g).

52 *a* Yo kwaze de pye pwa ki genyen po vèt, $Gg \times Gg$. Konplete Kare Punnett anba a pou montre rezilta kwazman sa a. [1]

	G	g
G		
G		

b Ki pousantaj nan pitit kwazman sa a fè kap plis sanble yap genyen po vèt? [1]

_____ %



53 Montre jenetikman kouman pitit de paran pye bwa pou tout gen po jòn. [1]

_____ \times _____

54 Moun genyen plizyè sistèm òganik ki pèmèt yo mennen aktivite lavi yo. Konplete tablo anba a pandan wap idantifye *yon* sistèm òganik ki responsab pou chak aktivite lavi yo mete anba a. Yo fè premye ranje a pou ba ou yon ekzanp. [3]

Aktivite Lavi	Sistèm Ògan Yon Moun
transfòme gwo molekil manje an ti molekil	aparèy dijestif
echanj gaz ant san an ak anviwonman an	
retire likid ak dechè gaz nan kò a	
transpòte materyèl nesèsè nan selil yo ak retire dechè nan selil yo	
fè pitit	
fè mouvman ak kò a	

Baze repons ou sou dyagram ak ilustrasyon anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon soti 55 pou rive 57 yo. Dyagram nan montre de selil ak kèk nan strikti yo.



55 Site *de* (2) strikti yo jwenn nan toulede selil plant ak selil bèt. [1]


(1) _____

(2) _____

56 Ki strikti pami sa yo montre nan dyagram plant lan ki se kote fotosentèz fèt? [1]

57 Ki strikti nan strikti selil yo montre nan dyagram nan ki genyen materyèl jenetik? [1]

Baze repons ou sou dyagram anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 58 ak 59 yo. Dyagram nan reprezante yon ekosistèm.



(li pa desine sou yon echèl)

58 Idantifye *yon* pwodiktè yo montre nan dyagram nan. [1]

59 Kisa ki sous orijinal enèji pou ekosistèm sa a? [1]

60 Kat kalite òganis yo site anba yo pran enèji yo nan sous manje diferan.

kanivò
èbivò
omnivò
dekonpozè

Tablo anba a bay kat òganis spesifik epi dekri rejim yo chak. Konplete tablo a pandan wap mete tèm korèk ki soti nan lis anwo a nan espas vid yo. Yo fè premye ranje a pou ba ou yon ekzanp. [2]

Òganis	Rejim	Kalite Òganis
sèf ak ke blan	manje zèb ak lòt pati nan plant	èbivò
ous mawon Alaska	manje seriz, fèy, pwason, ak ti bèt ki wonjè	
fongis ki pouse sou bwa	absòbe eleman nitritif ki soti nan pyebwa ki mouri	
lyon Afriken	manje antilòp ak lòt mamifè ki nan patiraj	

61 Tablo enfòmasyon anba a montre de pwopriyete fizik mineral kwatz ak anfibòl (mineral melanje).

Tablo Enfòmasyon


Mineral	Pwopriyete Fizik	
	Srtiye	klere
kwatz	san Koulè	klere
anfibòl (mineral melanje)	nwa ki tire sou vèt	klere

Chwazi pwopriyete fizik nan tablo a ki kapab ede fè distenksyon nan kwatz ak anfibòl epi dekri yon pwosedi yo kapab itilize pou teste pwopriyete sa a. [1]

Pwopriyete fizik: _____

Pwosedi: _____


62 Yo montre yon dyagram sik wòch la anba a.



Idantifye *de* pwosesis ki enplike dirèkteman nan fòmasyon yon wòch inye. [1]

_____ ak _____

63 Graf anba a montre koub solibilite pou twa sibstans solid.




Pandan tanperati dlo a ogmante soti nan 30°C pou rive nan 90°C, konbyen gram bwomi potasyòm anplis kap disoud nan 100 gram dlo? [1]

_____ g

Baze repons ou sou enfòmasyon ak dyagram anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 64 ak 65 yo.

Yon wòch kap pandye nan yon balans resò ale pi ba nan yon silenn gradye ki genyen dlo. Figi A a montre ekriti sou balans resò a anvan yo bese wòch la ale nan dlo a. Figi B a montre ekriti sou balans resò a lè wòch la nan dlo a. Ekriti sou balans resò nan Figi A a pi gwo pase ekriti sou balans resò a nan figi B a.




64 Esplike poukisa balans resò a montre yon lekti ki pi wo nan figi A a pase nan figi B a. [1]

65 Esplike poukisa lè yo mete wòch la nan dlo sa lakòz nivo dlo a monte. [1]

Baze repons ou sou enfòmasyon an ak dyagram anba yo ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon soti 66 pou rive 68 yo.

Figi A a montre yon vaz a bèk ki genyen dlo, sab, ak sèl. Sèl la fonn nèt nan dlo a. Figi B a montre yap vide sa ki nan vaz a bèk la sou yon papye filtre nan yon antonwa sou yon flask. Figi C a montre menm flask an apre li fin poze pandan 15 jou nan tanperati chanm kote li ye a. Apre 15 jou, flask an genyen patikil sèl solid sèlman.



66 Idantifye materyèl solib la, materyèl ki pa solib la, ak solvan nan vaz a bèk nan figi A a. [1]

Materyèl solib: _____

Materyèl ki pa solib: _____

Solvan: _____

67 Esplike poukisa yo klasifye sa flask an genyen ladann nan figi B a tankou yon melanj. [1]

68 Esplike pouki se sèlman patikil sèl solid la ki rete nan flask lan nan figi C. [1]


Baze repons ou sou dyagram anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 69 ak 70 yo. Dyagram nan montre yon vè ki ranpli a mwaye ak dlo ak kib glas.



69 Esplike poukisa gout dlo fòme andeyo vè a. [1]

70 Ki evidans nan dyagram nan ki montre glas genyen pi piti dansite pase dlo? [1]


Baze repons ou sou dyagram anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 71 ak 72 yo. Dyagram nan montre jan wòch lacho ki graze nan yon tib pou fè tès reyaji lè yo ajoute asid nan tib la.



71 Site *yon* opsèvasyon ki montre yon chanjman chimik kap fèt nan dyagram nan. [1]


72 Ki pwoblèm anviwonmantal nan Eta New York ki fè wòch lacho yo yon move chwa pou konstwi pati deyo yon edifis? [1]

73 Yon elèv mare de balon nan menm longè fil epi mare yo nan menm pwen an. Elèv la opsève balon yo repouse youn lòt, jan yo montre li nan dyagram nan.



Nan tèm chaj elektrik, eksplike poukisa balon yo repouse youn lòt. [1]

Baze repons ou sou dyagram yon machin kap mache yo montre anba a ak konesans ou nan syans pou reponn kesyon 74 ak 75 yo. Dyagram nan montre transfòmasyon enèji.




74 Ki sekans nan transfòmasyon enèji ki reprezante nan dyagram nan? [1]

- A mekanik → chimik → solè
- B solè → elektrik → mekanik
- C mekanik → elektrik → solè
- D solè → chimik → elektrik

Antoure youn: A B C D

75 Site *yon* avantaj pou anviwonman an lè yo itilize machin yo montre nan dyagram nan olye yo itilize yon machin ki mache ak gaz. [1]

Baze repons ou sou kat anba a pou reponn kesyon soti 76 pou rive 79. Pati ki kolorye yo sou kat la montre zòn lannwit ak pati ki pa kolorye yo met zòn lajounen a yon lè yon 21 Desanm.



76 Poukisa yo montre plis limyè sou kat la sid a Ekwatè? [1]

77 Esplike jan zòn lajounen yo ak lannwit yo te ka diferan si kat la te montre 21 Jen olye 21 Desanm. [1]

78 Ki kalite sistèm kowòdone yo montre ak liy orizontal ak vètikal sou kat la?[1]

79 Kisa ki lakòz pati ki genyen limyè sou kat la ap deplase nan direksyon lwès pandan jou yo montre a? [1]

For Teacher Use Only
Part II Credits

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
46	1	
47	2	
48	1	
49	2	
50	1	
51	1	
52	2	
53	1	
54	3	
55	1	
56	1	
57	1	
58	1	
59	1	
60	2	
61	1	
62	1	
63	1	
64	1	
65	1	
66	1	
67	1	
68	1	
69	1	
70	1	
71	1	
72	1	
73	1	
74	1	
75	1	
76	1	
77	1	
78	1	
79	1	
Total	40	